



1. **Kesyon: Ki misyon Anseye Pou Ayiti?**

**Repons:** Anseye Pou Ayiti pral ogmante rezilta lekòl ap bay an Ayiti nan fè rekritman epi fòmasyon bon jan pwofesè pou lekòl ki deja la jodi a. Ansèyman ansanm ak lidèchip ki kab transfòme sosyete a va bay tout elèv konesans, konpetans ak mantalite y ap bezwen pou yo rive akonpli sa yo kapab fè gras a menm chans y ap bay yo tout, pou yo rive lwen ansanm epi pou yo bay patisipasyon pa yo nan yon sosyete ki pi eklere nan 21èm syèk la.

2. **Kesyon: Èske APA se yon òganizasyon entènasyonal?**

**Repons:** Non – se yon òganizasyon byenfezans ayisyen ki pa la pou l fè lajan, ki fèt ak yon ekip Ayisyen. Tout ekip la ap travay pou yon menm vizyon: vizyon sa a se amelyore sistèm edikasyon an Ayiti a. Sa ki priyorite pou APA se travay nan tèt ansanm avèk lòt òganizasyon, tankou lekòl kote nou va plase pwofesè, lòt òganizasyon sivil, epi nou va travay ak kourikoulòm MENFP la.

3. **Kesyon: Ki lè kontra 2 an anseyan-lidè nan pwogram Anseye Pou Ayiti a ap kòmanse?**

**Repons:** Kontra 2 an anseyan-lidè yo ap kòmanse depi nan faz ete a (4 semèn fòmasyon k ap fèt de lendi a vandredi, obligatwa pou tout pwofesè nou seleksyone yo). Pou ane 2017 lan, dat nou prevwa pou kòmansman fòmasyon an se 24 jiyè. Apre sa, anseyan-lidè yo va pran pa nan pwogram Anseye Pou Ayiti a pandan 2 ane lekòl yo.

4. **Kesyon: Lè lekòl ouvè, kòman y ap fè fòmasyon pwofesè yo?**

**Repons:** Lè lekòl ouvè, sesyon fòmasyon pwofesè yo pral fèt yon jou ferye/fèt nan youn nan vil kote nou pral plase pwofesè nou yo (Gonayiv, Gwomòn, Mibalè, Boukan Kare, Ench).

5. **Kesyon: E apre 2 an pwogram nan?**

**Repons:** N ap investi alontèm nan lidè ki gen bon jan kapasite, pou anbasadè nou yo bouche yon gwo vid ki genyen nan kapasite sistèm edikasyon nan zòn nan aprè yo fin pase nan pwogram 2 an an. Anbasadè nou yo pral bon jan pwofesè konpetan ki pral asire yo gen reyisit pou elèv lekòl, direktè lekòl, konseye pedagogik, ak moun ki nan sektè byenfezans e sektè komèsyal ki vle travay pou gen egalite nan afè lekòl pou tout ti Ayisyen.

6. **Kesyon: Èske m ap responsab klas kote APA pral plase m nan pandan 2 an an?**

**Repons:** Kòm anseyan-lidè, w ap gen responsablite klas la pandan ou sou sipèvizyon direksyon lekòl la tabli a epi ap gen yon konseye pedagogik Anseye Pou Ayiti k ap la pou li ba w konsèy pou li kore w nan travay ou.

7. **Kesyon: Èske APA "responsab" yon lekòl oubyen yon sant fòmasyon?**

**Repons:** Non, misyon APA se sitou amelyore kalite sistèm edikasyon an pandan l ap travay ak kèk lekòl primè ki deja la jodi a (nou pa pral bati lekòl ni nou pa pral ouvè lekòl primè). Pwogram fòmasyon nou an se pou gwoup pwofesè nou pral travay avè yo a li fèt, nan kad pou nou fasilite yon modèl fòmasyon ak preparasyon lidè. Nou rekrite ak investi nan lidè eksepsyonèl, se konsa anbasadè nou yo (gradye pwogram nou) pral ranpli yon espas kritik nan kapasite lokal la.

8. **Kesyon: Mwen se yon pwofesyonèl nan yon lòt domèn ki pa edikasyon. Èske mwen ka aplike?**

**Repons:** Tout pwofesyonèl nan nenpòt domèn kapab aplike, li se jis ase pou yo gen yon enterè nan amelyore sistèm edikasyon ayisyen an ak fè yon angajman pou yo vin anbasadè aktif APA aprè pwogram 2 ane yo.

9. **Kesyon: Ki jan yon moun ka fè demann pou l vin yon anseyan-lidè nan pwogram APA?**  
**Repons:** Tout fòmilè demann yo disponib nan adrès entènèt sa : <http://ansejepouayiti.org/apply-cohort/application/> (kreyòl oswa franse).
10. **Kesyon: Ki dat n ap fè rekritman pou ane 2017 lan – epi ki dènye dat pou yon moun soumèt demann ofisyèl la?**  
**Réponse:**
- ✓ 9 janvyè—fòmilè aplikasyon nan disponib
  - ✓ 31 mas—dènye delè pou moun remèt demann nan
  - ✓ 17 avril—kandida kontakte pou pwochen etap pwosesis la, si ou kalifye
  - ✓ Ant 18 avril ak 19 me—faz/aktivite seleksyon ak entèvyou kandida yo (4 etap)
  - ✓ 31 me—dènye seleksyon kowòt 2017 la
11. **Kesyon: Ki laj yon pwofesè ta dwe genyen pou l ka yon anseyan-lidè nan pwogram Anseye Pou Ayiti a?**  
**Repons:** Tout pwofesè lekòl ki gen omwen 18 an ki gen konpetans nesèsè, kapab pran pa nan pwogram Anseye Pou Ayiti a. Pa gen okenn limit nan kesyon laj pou yon moun enskri nan pwogram nan.
12. **Kesyon: Ki pi gwo klas yon moun dwe fè pou l kab enskri nan pwogram nan?**  
**Repons:** Fò moun nan ta fini omwen klas segondè li (Bakaloreya 2èm pati, Bacc II).
13. **Kesyon: Nan ki vil nan peyi a yo pral voye pwofesè Anseye Pou Ayiti yo?**  
**Repons:** Gonayiv, Gwo Mòn, Mibalè, Boukan Kare, Ench se zòn kote gwoup la pral travay pou ane lekòl 2017 – 2018 la. Men pandan ane yo ap pase, Anseye Pou Ayiti va travay nan lòt depatman yo pou li antre lòt lekòl nan pwogram plasman pwofesè yo.
14. **Kesyon: Ki moun k ap responsab peye frè fòmasyon an?**  
**Repons:** Anseye Pou Ayiti ap responsab pou li peye tout frè fòmasyon pwofesè yo pandan 4 semèn nan ete epi tou pou fòmasyon pwofesè yo pral kontinye resewa pandan 2 ane lekòl yo.
15. **Kesyon: Èske m ap gen pou m siyen yon kontra travay?**  
**Repons:** Wi, chak anseyan-lidè ap gen pou yo siyen yon kontra travay avèk Anseye Pou Ayiti e yon kontra avèk lekòl kote y ap travay.
16. **Kesyon: Èske Anseye Pou Ayiti pral peye m yon salè?**  
**Repons:** Tout anseyan-lidè Anseye Pou Ayiti yo ap touche salè yo nan men administrasyon lekòl kote y ap travay epi y ap resewa yon frè ankourajman nan men pwojè a pandan tan kontra a va dire a.
17. **Kesyon: Si m pa moun vil kote m dwe al travay la, èske Anseye Pou Ayiti ap fè m jwenn kote pou m rete?**  
**Repons:** Anseye Pou Ayiti p ap pran responsablite pou li bay anseyan-lidè li rekrute yo kote pou yo rete. Men pou ede pwofesè ki va deplase pou y al nan vil kote yo pral travay la, direksyon APA ka fè demach bò kote òganizasyon k ap kolabore avè l yo, li ka bay pwofesè yo konsèy oubyen kontak pou fasilite pwofesè yo nan negosiyasyon y ap gen pou yo fè.

Si w gen kesyon kòm moun ki vle pran pa nan pwogram nan,  
kontakte nou nan imel sa a: [application@ansejepouayiti.org](mailto:application@ansejepouayiti.org).  
Moun ki bezwen ransèyman jeneral kab kontakte nou nan imel sa a: [info@ansejepouayiti.org](mailto:info@ansejepouayiti.org).